

Ou dwe satisfè kondisyon kritè sa yo pou aplike pou yon kat IDNYC:

1. Omwen 4 pwen nan dokiman ki gen omwen 3 pwen ki pwouve idantite ou ak omwen 1 pwen ki pwouve adrès ou nan Vil New York.
2. Omwen 1 nan dokiman ou soumèt yo dwe gen yon foto, sof si moun ki aplike a akonpaye avèk yon moun k ap pran swen li.
3. Omwen 1 nan dokiman ou soumèt yo dwe gen dat ou fèt.
4. Moun ki aplike a dwe gen omwen laj 14 zan pou li aplike pou yon kat IDNYC.

Nou p ap aksepte dokiman ki ekspire, sof si li mansyone anba a espesyalman.

N ap aksepte dokiman orijinal ak kopi ki sètifye nan ajans ki bay yo; n ap aksepte dokiman plastifye sèlman si se konsa ajans la bay yo.

**ANBA LA A SE YON LIS DOKIMAN OU KAPAB UTILIZE POU APLIKE POU KAT IDNYC OU  
OU KAPAB JWENN LÒT ENFÒMASYON SOU SITWÈB IDNYC NAN [WWW.NYC.GOV/IDNYC](http://WWW.NYC.GOV/IDNYC)  
POU JWENN ENSTWIKSYON SOU APLIKASYON AN TANPRI GADE DÈYÈ APLIKASYON IDNYC.**

## Dokiman (4) Pwen - Prèv Idantite ak Adrès Kay

- Lisans Chofè oswa Pèmi Apranti DMV Eta New York ki gen dènye adrès ou nan Vil New York. N ap aksepte yon lisans/pèmi DMV Eta New York ki ekspire si ou prezante li avèk yon lisans/pèmi DMV pwovizwa ki gen menm nimewo ID a ladan.
- Kat ID DMV Eta New York ki pa lisans epi ki gen dènye adrès ou nan Vil New York. N ap aksepte yon kat ID DMV Eta New York ki pa lisans chofè epi ki ekspire si ou prezante li avèk yon kat ID Pwovizwa DMV ki pa ekspire epi ki gen menm nimewo ID avèk kat ID a.
- Lisans Chofè Depatman-Deta Etazini oswa kat ID ki pa Lisans Chofè epi ki gen adrès aktyèl ou nan Vil New York
- Kat IDNYC ki gen adrès aktyèl kay ou
- Lisans Zam ki gen Restriksyon Depatman Lapolis Vil New York ki gen adrès aktyèl ou nan Vil New York

## Dokiman Twa (3) Pwen - Prèv Idantite

- Paspò Etazini oswa Kat Paspò Etazini
- Paspò peyi etranje (ki lizib nan machin)
- ID foto lisans chofè oswa pèmi apranti Etazini
- Kat ID Eta Etazini
- Kat Rezidan Pèmanan Etazini (Grinkat)
- Sètifika Sitwayènte/Natiralizasyon Etazini
- Akreditasyon Marin Machann Etazini
- Lisans Chofè Depatman-Deta Etazini oswa kat ID ki pa Lisans Chofè epi ki pa gen adrès aktyèl kay ou
- Kat ID Delenkan ki Jwenn Liberasyon nan Depatman Koreksyonèl Sipèvizyon Kominote (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York (ki date sou 1 ane)
- Kat ID Lese-pase Sekirize Avoka Sistèm Tribinal Inifye Eta New York
- Kat Aksè Komen (pou sèvis aktif, moun ki retirete, oswa pèsonèl militè rezèvis)
- Pèmi Travay Etazini ki pa Ekspire
- ID Tribi Etazini
- Kat Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT)/CBIC Eta New York ki gen foto
- Kat IDNYC ki pa gen dènye adrès kay

## Dokiman De (2) Pwen - Prèv Idantite

- Paspò peyi etranje (ki pa lizib nan machin)
- Paspò Etazini oswa Kat Paspò ki Ekspire (ki ekspire jiska apeprè 3 zan; ki lizib nan machin)
- Paspò peyi etranje ki ekspire (ki ekspire jiska apeprè 3 zan; ki lizib nan machin)
- Kat ID konsilè
- Kat ID Veteran Etazini VA bay
- Kat ID Santè Veteran Etazini VA bay
- ID Anplwaye gouvènman federal Etazini, gouvènman leta oswa gouvènman lokal
- Batistè Etazini
- Viza yo bay nan Depatman-Deta Etazini

## (kontinye) Dokiman De (2) Pwen - Prèv Idantite

- Lisans chofè peyi etranje (ki lizib nan machin)
- Kat ID nasyonal peyi etranje (ki lizib nan machin)
- Kat Sekirite Sosyal
- Lèt Afektasyon ITIN Etazini
- ID Sèvis Militè Etazini
- Kat ID Pwofesyonèl Depatman Edikasyon Eta New York
- Fòm Verifikasyon Elèv Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) Vil New York (ki pwouve adrès ou tou)
- Fòm Verifikasyon Pwogram Travay pou Jèn yo pandan Lete (Summer Youth Employment Program, SYEP) nan Vil New York (ki pwouve adrès ou tou)
- Fòm I-94 Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security) Etazini bay ki gen foto ak anprent ou
- Lisans Chofè Pwovizwa, Pèmi Apranti DMV Eta New York, oswa Kat ID ki pa Lisans Chofè
- Avi Apwobasyon sou Fòm I-797, I-797A, I-797B oswa I-797D
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (Citizenship and Immigration Services, USCIS) bay

## Dokiman Yon (1) Pwen - Prèv Idantite

- Kat ID nasyonal peyi etranje (ki pa lizib nan machin)
- Batistè peyi etranje
- Kat ID militè peyi etranje ki gen foto
- Lisans chofè peyi etranje (ki pa lizib nan machin)
- Kat ID enstitisyon edikasyonèl: lekòl pre-segondè, lekòl segondè, inivèsite, kolèj ak lekòl pòs-segondè
- Diplòm ki soti nan yon lekòl segondè Etazini, pwogram ekivalans lekòl segondè, oswa lekòl apre lekòl segondè Etazini, kolèj, oswa inivèsite
- Relvednòt lekòl Etazini ki soti nan lekòl segondè oswa apre lekòl segondè, kolèj, oswa inivèsite
- Kat EBT Eta New York ki pa gen foto
- Kat ID SYEP Vil New York
- ID sendika Etazini ki gen foto
- Kat ID anplwaye, konsiltan, oswa manm konsèy administratif ki soti nan òganizasyon ki nan Etazini, tankou ID manm legliz
- Maryaj, inyon sivil, patenarya nan kay oswa papye divòs
- MTA MetroCard pou Granmoun Aje ak Moun Andikape
- Kat ID MTA Access-A-Ride
- Kat Manm Sant Lwazi Pak Vil New York
- Kat enskripsyon elektè Etazini
- Kat Enskripsyon pou Sèvis Selektif Etazini
- Kat Medicare
- Kat ITIN Etazini
- Batistè Etazini pitit ou (li dwe endike moun ki aplike kòm paran an)
- Kat ID sant OMS Eta New York ki gen foto

## Dokiman Yon (1) Pwen - Prèk Adrès

- Bòdwo oswa etadkont kab televizyon, telefòn oswa sèvis piblik (ki gen dat anvan 60 jou)
- Kontra lwaye oswa sou-kontra lwaye pwopriyete rezidansyèl ki ajou
- Etadkont taks lokal sou pwopriyete (ki gen dat anvan 1 ane)
- Resi peman prè ipotèkè sou pwopriyete (ki gen dat anvan 60 jou)
- Bòdwo, etadkont oswa avi operasyon kat bankè, kat finansye oswa kat kredi (ki gen dat anvan 60 jou)
- Souch chèk peman nan travay (ki gen dat anvan 60 jou)
- Etadkont, bòdwo oswa dosye ki soti nan yon enstitisyon sante (ki gen dat anvan 1 ane)
- Asiyasyon oswa lòd tribinal federal Eta New York (tankou tribinal Vil New York) oswa tribinal federal bay (ki gen dat anvan 60 jou)
- Fòm IRS W-2, 1099-MISC, 1095-A, 1095-B, ak 1095-C (nou aksepte jiska 15 avril ane apre ane fiskal ki endike sou fòm nan)
- Deklarasyon taks avèk prèk fòm ou ranpli a (ki gen dat anvan 1 ane apre dat ou ranpli fòm nan)
- Lèt oswa dokiman IRS oswa Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York bay (ki gen dat anvan 1 ane)
- Bòdwo, etadkont oswa dosye asirans (asirans pwopriyete kay, asirans-vi, asirans lokatè, asirans oto, asirans sante; ki gen dat anvan 60 jou)
- Lèt NYCHA bay (ki gen dat anvan 60 jou)
- Nòt Sipleman nan Kontra Lwaye ak Avi Lwaye NYCHA (ki gen dat 1 ane)
- Konfimasyon USPS pou chanjman adrès (ki gen dat anvan 60 jou)
- Fòm Repatisyon Lwaye Seksyon 8 NYC HPD (ki gen dat anvan 1 ane)
- "Repons pou Mande yon Rapò Kalkil Bidjè" HRA (ki gen dat anvan 60 jou)
- Kat ID pasyan ki entèn nan sant OMS Eta New York ki gen foto
- Fòm "Verifikasyon Liberasyon" yo bay nan HHS/ORR Etazini (ki gen dat anvan 1 ane)
- Lòd Sipèvizyon Aplikasyon Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) Etazini (ki gen dat anvan 1 ane)
- Kat ID Lisans Chofè Pwovizwa, Pèmi Apranti DMV Eta New York, oswa Kat ID ki pa Lisans Chofè
- Avi Desizyon oswa Detèminasyon (Notice of Decision or Determination, NOD) Reta nan Devlopman OPWDD Eta New York (ki gen dat anvan 1 ane)
- Lèt konfimasyon adrès pou diplomat Nasyonzini (United Nations, UN) ak fanmi yo (ki gen dat anvan 60 jou)
- Lèt pou paran/responsab legal timoun ki enskri nan Head Start, Aprantisaj Bonè oswa nenpòt lekòl DOE Vil New York (ki gen dat anvan 60 jou). Moun ki aplike a dwe bay prèk sa li ye pou elèv la.
- Lèt pou elèv oswa paran/responsab legal elèv ki enskri nan yon lekòl prive oswa lekòl pawasyal (ki gen dat anvan 60 jou). Si moun ki aplike a se paran yon elèv li dwe bay prèk sa li ye pou elèv la.
- Lèt ACS oswa ajans plasman nan fanmi akèy ACS bay (ki gen dat anvan 60 jou)
- Fòm Verifikasyon Elèv DOE Vil New York (ki disponib nan lekòl DOE yo)
- Fòm Verifikasyon SYEP
- Lèt yo bay nanabri pou sanzabri nan Vil New York (li dwe endike moun ki aplike a te rete nanabri a pandan 15 jou epiabri a te kite rezidan yo rete depase 30 jou)

**Madanm/Mari ak Patnè nan Kay: Moun ki aplike epi ki pa kapab pwouve adrès yo avèk youn nan dokiman ki endike anwo a ki gen non yo, ka prezante youn dokiman ki gen non madanm/mari yo oswa patnè nan kay yo epi swa (1) yon sètifika maryaj, inyon sivil, oswa patenarya nan kay, oswa (2) batistè yon timoun, ki montre sa moun ki aplike a ye pou madanm/mari a oswa patnè nan kay la. Moun ki aplike a dwe prezante yon atestasyon tou ki gen siyati madanm/mari a oswa patnè nan kay la ki montre y ap viv avèk moun ki aplike a.**

## Dokiman Yon (1) Pwen - Prèk Adrès pou moun ki aplike san yo pa gen yon adrès kay oswa pou sivivan vyolans nan kay

- "Lèt ki Gen Adrès pou Korespondans" òganizasyon non-komèsyal oswa enstitisyon relijye bay nan Vil New York ki sèvi moun ki sanzabri oswa sivivan nan vyolans nan kay. Ajans lan dwe ap resevwa finansman Minisipalite Vil la nan moman an. Lèt la dwe endike moun ki aplike a te resevwa sèvis nan ajans lan pou dènye 60 jou yo epi moun nan ka itilize adrès ajans lan pou rezon postal (ki gen dat anvan 14 jou). Adrès ki sou kat la ap òganizasyon "Korespondans" lan.

## (kontinye) Dokiman Yon (1) Pwen - Prèk Adrès pou moun ki aplike san yo pa gen yon adrès kay oswa pou sivivan vyolans nan kay

- Lèt ajans Vil la, òganizasyon non-komèsyal, oswa enstitisyon relijye nan Vil New York ki bay sèvis pou moun ki sanzabri (ki gen dat anvan 30 jou). Pa gen adrès k ap parèt sou kat la.
- Lèt ajans Vil la, òganizasyon non-komèsyal, oswa enstitisyon relijye nan Vil New York ki bay sèvis pou moun ki viktim vyolans nan kay (ki gen dat anvan 30 jou). Pa gen adrès k ap parèt sou kat la.
- Lèt yon lopital oswa yon klinik sante bay nan Vil New York (ki gen dat anvan 30 jou).

## Relasyon avèk Moun k ap Bay Swen - Prèk relasyon ant moun k ap bay swen ak moun ki aplike a

**Moun ki aplike a dwe bay tou omwen 2 pwen nan dokiman ki pwouve idantite li, tankou Dat Li Fèt. Moun k ap pran swen an dwe bay omwen 3 pwen nan dokiman ki pwouve idantite li, tankou idantifikasyon ki gen foto li. Laj moun ki aplike yo ki kapab itilize chak dokiman endike nan parantèz yo.**

- Batistè moun ki aplike a (21 ane ak mwens)
- Jijman adopsyon, sètifika adopsyon, oswa Rapò Adopsyon DOH Vil New York (21 ane ak mwens)
- Fòm Rekonesans Patènite yo bay nan DOHMH Vil New York, ak OTDA Eta New York (21 ane ak mwens)
- Lèt ACS oswa ajans plasman nan fanmi akèy ACS bay (21 ane ak mwens)
- Lòt Tribinal pou Patènite/Filyasyon (21 ane ak mwens)
- Batistè moun ki aplike a ak sètifika maryaj, inyon sivil, oswa patenarya nan kay boparan (21 ane ak mwens)
- Fòm "Verifikasyon Liberasyon" yo bay nan HHS/ORR Etazini (21 ane ak mwens)
- Lòd tribinal peyi etranje ki deziyen moun k ap bay swen kòm responsab legal moun ki aplike a (21 ane ak mwens)
- Lòd tribinal Etazini ki deziyen moun k ap bay swen kòm responsab legal, gadyen, oswa titè moun ki aplike a (nenpòt laj)
- Avi Desizyon oswa Detèminasyon (Notice of Decision or Determination, NOD) Reta nan Devlopman OPWDD Eta New York (nenpòt laj)
- Lèt yon ajans swen rezidansyèl (ki gen dat anvan 60 jou; nenpòt laj)
- Lèt SSA ki detèmine moun apa k ap swen kòm Benefisyè Reprezantan moun ki aplike a (ki gen dat 1 ane; nenpòt laj)
- Lèt SSA ki detèmine yon òganizasyon kòm Benefisyè Reprezantan moun ki aplike a (ki gen dat anvan 1 ane) AK yon lèt ki soti nan òganizasyon ki detèmine anplwaye/reprezantan an gen otorizasyon pou reprezante moun ki aplike a (ki gen dat anvan 60 jou; nenpòt laj)
- Lèt OPWDD Eta New York, DOH Eta New York, OMH Eta New York, DOHMH Vil New York, oswa youn nan founisè sèvis yo bay (ki gen dat anvan 60 jou; nenpòt laj)

## Prèk Kondisyon Veteran (Ou Bezwen Yon Sèl)

- DD 214: Sètifika Liberasyon oswa Dechaj nan Sèvis Aktif
- DD 2 (Retrete): Kat ID Sèvis Militè Etazini (Retrete)
- VIC/VHIC: Kat ID Lopital Afè Veteran
- NGB-22: Rapò Biwo Lagad Nasyonal pou Separasyon ak Dosye Sèvis
- Lisans Chofè DMV Eta New York oswa ID ki pa lisans chofè ki gen Deziyasyon Veteran
- Kat IDNYC ki gen Deziyasyon Veteran
- Atestasyon Biwo Majistra pou Afè Veteran (Mayor's Office of Veterans' Affairs, MOVA)

## Depatman Pwobasyon (Department of Probation, DOP)

- Kliyan DOP yo kapab aplike nan nenpòt sant enskripsyon IDNYC avèk Fòm Verifikasyon DOP ou kapab jwenn nan nenpòt biwo DOP nan Vil New York.